ХIАКЪИКЪАТ
АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!
№ 21, рузман, 2019 с. 24 май
www.hakikat.info
7
Ракьцоял



Леваша районалъул ракьалъул гIатIилъи буго **823.2** кв. км. Гьениб гIумру гьабула **77.5** азарго чияс (**76.5** процент - даргинал, **22.5** процент - магIарулал). Гьелда гьоркьобе уна **26** муниципалияб гIуцIи (**76** росу-ракь). Гьелъул центр ккола Леваша росу.

**Дагъистаниял - республика бахун къватIир**

# РагIи рекъараб, хIалтIи дурусаб

*Кагътида гуреб гIумруялда хIакъикъияб экономикияб цебетIей бихьуларого буго*

**Москваялда ругел дагъистаниязул къадаралъул рахъалъ гьечIо чIванкъотIарал, мухIканал баянал. Лъала гIага-шагарго нусазаргогIанасев чи вукIин. Москваялде щварал ниж дандчIвана гьезул цоявгун, Леваша районалъул УхIлиб росулъа Шамил МухIамадовгун. Шамил ккола экономикиял гIелмабазул доктор, «Институт региональных экономических исследований» абураб идараялъул директорасул заместитель, РАЕНалъул академик.**



Шамил МухIамадов

**- Шамил, гьаб бугоха рамазан моцIалъул тIоцебесеб къо. Дица баркула гьеб къоги тIаде щвараб хирияб моцIги. Щиб абилеб гьелда хурхун?**

- Гьаб заманалда жаниб нилъеца бихьизабизе ккола сабру, цIунизе ккола чIахIиязул къадру, тIаса лъугьун тезе ккола цоцазухъа рорчIарал гъалатIал. Кьеги нилъее къуват гьаб моцIалъ цIунараб рацIцIалъи хадубккунги нилъеца гьарулел ишазулъ цIунизе.

**- Бергьенлъиялъул къо. Кин дуца къабул гьабулеб гьеб байрам, нужер хъизамалда хъинтIанищ рагъ?**

- Дир эмен (МухIамад) вукIана рагъул гIахьалчи. Рагъул гIахьалчIужу йикIана эбел Клавдия Ивановнаги (рагъ лъугIун хадуб, 1946 соналда Краснодаралдаса гьей йитIун ячIун йиго нижер росулъе учительницалъун хIалтIизе ва школалъул директорлъун вукIарав дир инсуцаги гьелъги гьабун буго ригьин-цIа. Эбелалъ босана исламги. Гьей йикIана гIурус мацIалъул ва тарихалъул учительница, гьелдаго цадахъ гьелъ кьолаан магIарул мацIги). Эбел-инсуца рагъда гIахьаллъи гьабун букIиналъги 9 маялъ дир рекIелъ ккола хасаб бакI, ва дица кинабго гьабула гьеб дир лъималаздаги, гьезул лъималаздаги киданиги кIочон течIого букIиналъе.

**- Нилъ рихьичIого, дандчIвачIого ана 10 сон. Гьеб заманалда жаниб кин ва кинаб рахъалдехун хисараб Москва?**

- ГIумру цо бакIалда чIун букIунаро. Кинабго рахъ хисулеб буго. Дир хIисабалда, ахираб лъабго-ункъо соналда жаниб Москва, тIолабго пачалихъго гIадин, цебехун ине нух батуларого цого бакIалда чIун хутIун буго. Цебе дида бихьулаан гьелъул букIинесеб, нилъ унеб нух, гьабсагIаталда дир гьечIо гьединаб бихьи, дида рихьулел, лъалел гьечIо экономика цебетIеялъе нухал. Дида бичIчIулеб гьечIо пачалихъалъул идарабазул, хIукуматалъул экономикияб блокалъул хIалтIи, гьез гьабулеб жо. Ургъулел руго цIи-цIиял, кьучI гьечIел налогал. «Прожиточный минимум» Дагъистаналда чIезабун буго микьазарго гъуруш, гьаниб - 12 азарго. Гьеб гIарцухъ гIумру гьабизе кIолищ чиясда ва сундул кьучIалда гьеб чIезабураб? Шагьаралъул централда ругел гIемерал гIадамал, гIумру захIмалъиялъ, ричун жидерго квартирабигун унел руго областалде. Гьанире рачIунел руго тIолабго пачалихъалдаса бечедал чагIи. Дида кколеб буго хадубккунги гьаб хIалалда бугони гIелму, интеллигенция дагь-дагьккун гьаниса нахъе инин абун. Цоги, ахираб заманалда гIемер бицунеб масъала, «обманутые дольщики», тIарамагъадисеб гIарацги кьун квартира босизе лъугьарал гIадамал хутIулел руго я гьеб, я гIарац гьечIого. Гьеб кIудияб ва захIматаб масъала нилъер нухмалъиялда бихьизе ккола 10 соналъ цебе.

Шагьаралъул централда ругел гIемерал гIадамал, гIумру захIмалъиялъ, ричун жидерго квартирабигун унел руго областалде. Гьанире рачIунел руго тIолабго пачалихъалдаса бечедал чагIи. Дида кколеб буго хадубккунги гьаб хIалалда бугони гIелму, интеллигенция дагь-дагьккун гьаниса нахъе инин абун. Цоги, ахираб заманалда гIемер бицунеб масъала, «обманутые дольщики», тIарамагъадисеб гIарацги кьун квартира босизе лъугьарал гIадамал хутIулел руго я гьеб, я гIарац гьечIого.

**- Гьеб масъала тIубаялъе кинаб рес дудаго бихьулеб?**

- Мисалалъе, дие бокьун буго балеб гIемертIалаяб минаялъуб рукъ босизе. Дица лъола гьелъие гIарац пачалихъалъул банкалда (страхованиеги гьабун), мина балел гIадамаз (застройщик) гьениса босула гIарац-кредит, бала мина ва дие щола дир гIарцуда, гьабураб къотIи-къаялда рекъараб рукъ. Банкалъ тIалаб гьабула хIалтIиги, гьелъул букIуна халкквейги. Нагагьлъун застройщик банкротлъун ккани, банкалъ гьабула киналъулго хIисаб, холаро страхование гьабураб дир гIарацги. Исана байбихьана нилъер гьаниб гьеб низам хIалтIизабизе, гьеб гьабизе ккоолаан цебего.

**- Гьеб рахъалъ Дагъистаналда щиб хIал бугеб?**

- Дида бихьулеб гьечIо, кагътида гурони, хIакъикъияб экономикияб цебетIей. Заводазулгун предприятиязул гIемерисел руго чIун, кинабго сверун буго бича-хисиялде. Ралел бакIазул масъалабиги руго жеги захIматаб хIалалда. Дун кIиго моцIалъ цеве щун вукIана Дагъистаналде. Ниж цIалулел 70-абилел соназда МахIачхъала букIана гIурччинаб, бацIцIадаб шагьар. Кин цIияв мэрас гъоба гьабсагIаталда бугеб ахIвал-хIал низамалде бачине бугеб? Дида лъаларо. ЦIакъ лъикI бихьана росабалъ гIадамал жигараб куцалда парникал, теплицаби, цогидал хIалтIаби гьаризе журан рукIин. Буго цоги, рекIее гIечIеб мисалги. Нижер росулъ гIезабула хъапустIан ва щивав чияс гьеб бичизе ккола жинцаго. Щиб захIмалъи бугеб, мисалалъе, маххул нухги аскIоб бугеб Буйнакск шагьаралда гьеб (цоги росабалъа цоги нигIматалги) къачIалеб цехялъуни пачалихъалъ къабул гьабулел пунктал рагьизе?

**- Росдал магIишат, промышленность ва туризм. Гьезул кинаб дуца рикIкIунеб нилъер республикаялъе бищунго кIвар, цебетIеялъе рес бугеблъун?**

- Гьеб буго цадахъ рекъон тIубазе кколеб, цоцазда бухьараб хIалтIи. Амма аслияблъун буго росдал магIишат ва гьелъул нигIматал къачIай.

**- Щиб ва кинаб хIалтIи тIубалеб нужер институталъ?**

- Цебе гьелда цIар букIана Москваялъул Халкъияб магIишаталъул институт абун. Лужков мэрлъун вугеб заманалда шагьаралъул нухмалъиялъул цониги экономикиябгун магIишатияб хIукму къватIибе бачIунароан нижер баянал, пикраби хIисабалда росун хадуб гурони. Ахираб заманалда хвана гьеб низам, гIелму лъиениги къваригIун гьечIо, дагьлъун буго гьелъул тIалаб. Нижер аслияб хIалтIи ккола гьединал тIалабал ругел регионазе гьел церетIеялъе стратегиял программаби гIуцIи.

**- Дагъистаналдаса букIаниш яги бугищ гьединаб тIалабго?**

- БукIинчIо, гьабсагIаталдаги гьечIо. ТIаде вачIа-вачIарасе къваригIунеб буго жиндирго стратегия, щивасда кколеб буго жинда кинабго бичIчIулин, лъалин, кIолин абун. Амма гьедин букIунаро, регионалъе къваригIуна гIелмуялда мугъчIвайги гьабун кIудияб болжалалда гIуцIараб стратегияб программа

**- Мун вуго РАЕНалъул академикги…**

- Гьеб буго жамгIияб идара, РАНалъе гIадин гьелъие кьоларо пачалихъияб гIарцул цо гъуруш. ГьабсагIаталда дица заманалъ тIубала гьелъул вице-президентасул хъулухъги, дун ккола гьелъул экономикаялъулгун социалияб секциялъул председательги.

**- Москваялда руго гIезегIан дагъистаниял. Кинаб гьоркьоблъи нужер бугеб, рукIунищ дандчIваял, бугищ гьелъие бугеб гIуцIи?**

- 25-30 соналъ цебе букIана хIалтIулеб гIуцIи, чанго нухалда щвана гьелъ тIоритIарал данделъабаздеги. Нилъер вакиллъиялдасанги кIалъала цо-цо, цо нухалъ ахIунги вукIана гьениве. ГьабсагIаталда гьечIо дида лъалеб нилъер жамгIияб гIуцIиги, гьечIо цIикIкIараб бухьенги. Доб мехалъ нилъеразда гьоркьор цIикIкIун рукIана студентал, интеллигенциялъул вакилзаби, гьел киналгоги материалияб рахъалъ рукIана гIага-шагарго цо даражаялъул гIадамал. ГьабсагIаталда гIемерго цIикIкIана коммерсантал, материалияб рахъалъанги гIадамал гIемерго рикIкIалъана.

**- Дуца бана 67 сон, 42 соналъ вуго Москваялда, вахана гIезегIан тIадегIанал хъулухъазде. Гьеб заманалда жаниб дагъистанияв вукIиналъ щибго къварилъи-квалквал гьабунищ дуе?**

- Кибниги ва кигIан дагьабниги гьабичIо. Нилъерго хьвадичIвадиялда рекъараб букIуна гьабулеб бербалагьиги. Берцинаб хIалалда цIалулев, хIалтIулев чиясе кинабгIаги квекIен гьаниб гьечIо.

**- Мун гIадинал экономисталги нилъер гIемер гьечIелъул, масала, Дагъистаналъул нухмалъиялъ дуда абуни дур лъай, хIалбихьи хIажат бугин, республикаялде тIадвуссине вугищ?**

- Дида гьикъани дица бицина, кумекги гьабила. Москваялдаги, Россиялъул цоги регионаздаги гIалимзабазулгунги чиновниказулгунги гIезегIан лъикIал бухьеналги руго дир. ХIажалъи ккани, гьеб рахъалъги гьабила бажарараб кумек. Дагъистаналде кида вуссунги, хIакъаб жо, дун вуссина.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***